

KONFLIK SOSIAL
WONTEN ING CERBUNG EVELYN ANGGITANIPUN DYAH KATRINA
ING KALAWARTI DJAKA LODANG EDISI JANUARI-JULI 2014
(Kajian Sosiologi Sastra)

Dening Nimas Ayu Prabaningrat
09205244071

Sarining Panaliten

Panaliten menika gadhah ancas tujuwan kangge ngandharaken saha nggambaraken wujud *konflik sosial*, pawadan ingkang murugaken *konflik sosial* saha cara ngrampungaken *konflik sosial* ing salebeting cariyos sambung *Evelyn* anggitanipun Dyah Katrina. Peneliten menika migunakaken *pendekatan sosiologi sastra*. *Objek* ingkang dipunkaji inggih menika *keseluruhan data* ing salebeting cariyos sambung *Evelyn* anggitanipun Dyah Katrina ingkang gayut kalihan *konflik sosial*. Sumber *data utama* ingkang dipunpigunakaken ing panaliten menika inggih menika cariyos sambung *Evelyn* anggitanipun Dyah Katrina ingkang kamot utawi kapacak ing kalawarti Djaka Lodang *edisi* Januari-Juli 2014. Cariyos sambung menika cacahipun wonten 15 *episode*. Cara kangge ngempalaken *data* wonten ing panaliten menika wonten kalih, maos kalihan nyathet. Salajengipun *data* dipunanalisis mawi *deskriptif interpretative*. Caranipun ngesahaken *data* migunakaken *validitas semantik* kanthi njingglengi *data* ngantos dugi pundi *data* menika saged dipuntegesi jumbuh kalihan *konteks*-ipun saha *reliabilitas intrarater* inggih menika kanthi cara maos saha *mengkaji ulang* ngantos pikantuk *data* ingkang *konsisten*.

Asilipun panaliten nedahaken bilih *konflik sosial* ing salebetipun cariyos sambung *Evelyn* saged kaperang dados tigang bab, inggih menika 1) wujud *konflik sosial*; 2) pawadan ingkang murugaken *konflik*; saha 3) cara ngrampungaken *konflik sosial*. Wujud *konflik sosial*, pawadan ingkang murugaken *konflik* saha cara ngrampungaken *konflik sosial* menika boten saged dipunpisahaken sebab dumadosipun *konflik* menika tamtu wonten jalaranipun. Wondene *konflik*/masalah dereng tamtu saged dipunudhari amrih rampung prekawisipun. Saking asil panaliten menika dipunpanggihaken tandha cihna bilih *konflik* kalebet ing isinipun karya sastra. *Konflik* dipunwedalaken minangka isinipun karya sastra kanthi niat amrih saged ndayani karya sastra mliginipun ing bab elokipun lampahan.

Pamijiing tembung: konflik, sosial, Evelyn, cariyos sambung, Dyah Katrina

Abstract

This study aims to describe the form of social conflicts, causes of its occurrence, and conflict resolution in *Evelyn* serialize by Dyah Katrina. The research use sociology literature approach. Examined object is the entirety of data contained in

Evelyn serialize by Dyah Katrina related to social conflicts. The main sources of data used in this study of this serialize that published in Djaka Lodhang magazine issued in Januari- July 2014. *Evelyn* story has 15 episodes. There are two methods used to collect data, reading and taking notes. Futher data were analyzed with descriptive way. Data has validated by useng semantic validity by reading data until it is appropriate with the context, and also using the intrarater reliability, means read and review to find a consistent data.

The result of this research shows that the social conflict in *Evelyn* serialize include 3 stagesits a form of social conflict, conflicts occurrence causes, and how to resolve social conflict. The form of social conflict, conflict occurrences cause, and how to resolve them are interconnected, because certainly there are causes behind the existence of conflict, while the conflict or problem are not always resolved. From the result of the study found that that the conflicts including the content of literature is social problem that occurs is imaginary story. The conflict are presented as work of literature to make the story becomes interesting since there are conflicts create grooves.

Keywords: conflicts, social, *Evelyn*, serialize, Dyah Katrina

A. PURWAKA

1. Dhasaring Panaliten

Cariyos sambung *Evelyn* menika salah-satunggalipun cariyos abasa Jawi ingkang dipunripta dening Dyah Katrina, sastrawan mudha saking Ngayogyakarta. Tembung '*Evelyn*' ingkang dipundadosaken irah-irahan cariyos sambung abasa Jawi reriptanipun Dyah Katrina menika kapethik saking nama salah-satunggalipun paraga ingkang kasebut ing salebeting *teks* cariyos sambung kasebut. Paraga *Evelyn* dipunterangaken gegriya ing pulo Niihau, laladan ingkang taksih kalebet ing wewengkonipun negari Hawaii, bawahanipun Amerika Serikat.

Konflik sosial ing salebetipun *teks* sastra mujudaken *refleksi sosial* menggahipun lelampahan ing gesang nyata. Paraga-paraga ing salebetipun cariyos menika kadhapuk minangka *subjek* lelampahan. Paraga satunggal

kalihan paraga sanesipun dipungayutaken dening meneka warni prekawis. Prekawis ing antawisipun para paraga menika ingkang njalari tuwuhipun *konflik*.

2. Wosing Prekawis

- a. Kados pundi wujud prakawis *konflik sosial* ingkang badhe dipunrembag wonten ing cariyos sambung *Evelyn* anggitanipun Dyah Katrina?
- b. Kados pundi pawadan ingkang njalari tuwuhipun *konflik sosial* ing salebetipun cariyos sambung *Evelyn* anggitanipun Dyah Katrina?
- c. Kados pundi caranipun paraga ngrampung *konflik sosial* ingkang kelampahan ing salebetipun cariyos sambung *Evelyn* anggitanipun Dyah Katrina?

3. Ancasing Panaliten

- a. Ngandharaken wujud prekawis *konflik sosial* ingkang badhe

dipunrembag wonten ing cariyos sambung *Evelyn* anggitanipun Dyah Katrina.

- b. Ngandharaken pawadan ingkang njalari tuwuhipun *konflik sosial* ing salebetipun cariyos sambung *Evelyn* anggitanipun Dyah Katrina.
- c. Ngandharaken caranipun paraga ngrampung *konflik sosial* ingkang kelampahan ing salebetipun cariyos sambung *Evelyn* anggitanipun Dyah Katrina.

4. Paedahing Panaliten

a. Munpang *Teoretis*

Asiling panaliten menika kaangkah amrih saged mewahi kawruh saha seserepan dhateng para pamaos sastra saha panaliten sastra ingkang wonten gayutipun kalihan cerbung-cerbung abasa Jawi ingkang dipuntaliti mawi *sosiologi sastra* mliginipun *bab konflik sosial* wonten ing cariyos sambung *Evelyn* anggitanipun Dyah Katrina.

b. Munpang *Praktis*

1. Asiling panaliten menika dipunkajengaken supados saged nyukani pambiyantu tumrap pamaos amrih langkung gampil anggenipun mangertosi bab-bab kasusastran mliginipun ingkang diputingali mawi *sosiologi sastra*.
2. Panaliten menika dipunkajengaken supados saged nyukani paedah mliginipun dhateng pamaos kasusastran Jawi saha pamaos kasusastran limrahipun, inggih menika supados saged mindhakaken *apresiasi* pamaos *bab sosiologi sastra* ing salah satun ggaling kasusastran.

B. GEGARAN TEORI

1. *Teori Sosiologi Sastra*

Sosiologi sastra asalipun saking tembung *sosio* (Yunani), *socios* ingkang tegesipun ‘sesarengan’, ‘nyawiji’, ‘kadang’, ‘kanca’. Saha *logis* utawi *logos* ingkang ngemu teges ‘sabda’, ‘ujar’, ‘pepindhan’. Salajengipun wonten ewah-ewahan makna, *socios* tegesipun ‘masarakat’, *logos* tegesipun ‘kawruh’. *Sosiologi* mengku pangertosan “kawruh ngegingi asal-usul saha ewah-gingsiripun kawontenanipun masarakat; kawruh ingkang mligi nyinaoni bebrayatanipun manungsa ing masarakat, asipat *umum*, *rasional* saha *empiris*”.

Sastra asalipun saking tembung *sas* (Sansekerta) ingkang tegesipun ‘ngeneraken’, ‘mulang’, ‘nyukani pitedah’, saha ‘dhawuh’. Wanda *-tra* tegesipun ‘uba rampe’, ‘sarana’. Sastra tegesipun “kempalan maneka warni uba rampe kangge mulang; layang pitedhah utawi serat pamulangan ingkang sae”.

Pramila *Sosiologi* saged dipunwastani minangka kawruh ingkang nyinaoni sedengah prekawis ngengingi masarakat. Wondene sastra minangka piranti kangge mulangaken kawruh (Ratna, 2003: 1). Andhedhasar pamanggih ing nginggil menika bilih *Sosiologi* menika perangan ngelmu ingkang taksih anyar sinaosa sampun kaprabawan ngelmu sanes-sanesipun wiwit manungsa tepang kalihan tatananing gesang sesarengan ingkang kawengku ing pangertosaning *peradaban* saha kabudayan, salajengipun manungsa

ngalami raosipun pasrawungan ing salebeting gesang tembayatan. Kasusastran menika mujudaken cecaruban ing antawisipun angen-angening pangripta kalihan kawontenanipun gesang masarakat ingkang *kompleks*. Inggih awit saking menika asring dipunandharaken bilih kasusastran menika saged dipunpigunakaken minangka kaca pangilon tumrap gesangipun masarakat, jalaran prekawis ingkang dipungambaraken ing salebeting kasusastran inggih menika prekawis-prekawis ingkang saestu kelampahan ing gesangipun pangripta saha masarakat.

Salajengipun, dening Wellek saha Warren (1990: 111) *sosiologi* sastra dipunperang dados tigang jinis:

- a. *Sosiologi pengarang* ingkang dipunwiyak saking *latar belakang sosial, status sosial pengarang, saha ideologi pengarang* ingkang katingal saking kanyataning gesang pengarang ing saben dintenipun.
- b. *Sosiologi karya* ingkang ndhudhah *isi karya sastra, tujuan, sarta prekawis-prekawis ingkang katitik ing salebetipun kasusastran menika piyambak saha ingkang wonten gegayutanipun kalihan prekawis sosial.*
- c. *Sosiologi pamaos saha dampak sosial* ingkang mbudidaya mangertosi dumugi pundi sastra katemtokaken utawi kaprabawan *latar sosial, ewah gingsiripun, saha ngrembakanipun sosial.*

Wonten ing panaliten menika panaliti ngagem *teori dasar* sosiologi sastra Wellek-Warren nomor 2:

Sosiologi karya ingkang ndhudhah isi karya sastra, tujuan, sarta prekawis-prekawis ingkang katitik ing salebetipun kasusastran menika piyambak saha ingkang wonten gegayutanipun kaliyan prekawis sosial jalaran penyerat namung mligi naliti konflik-konflik sosial ingkang wonten ing salebetipun cariyos sambung Evelyn anggitanipun Dyah Katrina.

2. *Teori Konflik*

Konflik inggih menika kadadosan ingkang kagolong angel sanget, minangka *unsur* ingkang *ensial* kangge ngrembakanipun *plot* wonten ing cariyos. Ngrembakanipun *plot* wonten ing karya *naratif* saged kaprabawan dening wujud saha wosing *konflik, konflik* ingkang dipunwontenaken (Nurgiyantoro 1955: 122). Dados, *konflik* inggih menika salah satunggaling kadadosan ingkang boten ngremenaken saha ndadosaken salah satunggaling *aksi* utawi *reaksi*, sedaya menika dipunlampahi dening paraga wonten ing cariyos.

Kedadosan saha *konflik* limrahipun gadhah gegayutan, kakalihipun saged nyawiji satunggal kalihan sanesipun. Amargi wontenipun *konflik* saged njalari tuwuhipun kedadosan-kadadosan tartamtu minangka *akibat-ipun. Konflik* satunggal kalihan *konflik* sanesipun ingkang dipunwewahi kedadosan satunggal kalihan kadadosan-kadadosan sanesipun ndadosaken *konflik* ingkang *kompleks* saha sampun ngantos pungkasan dipunsebat *klimaks*. Wujud kedadosan ing cariyos, saged awujud kedadosan *fisik*, saged ugi *batin*, kedadosan kekalihipun gadhah gegayutan. *Konflik* ingkang

namani (*mengenai*) setunggaling paraga ing salebeting sesambetan kalihan lingkungan *konflik fisik* saha *konflik batin*, *konflik eksternal* saha *konflik internal* (Jones lumantar Nurgiyantoro, 1995:124).

Konflik salebetipun karya sastra kaprahipun adhedhasar kasunyatan gesang. Sayuti (2000: 41-42) mratelakaken bilih *konflik* ing salebeting cariyos saged dipunpesthekaken tamtu adhedhasar kanyataning gesang. Pramila saking menika pamaos saged tumut ngraosaken menapa ingkang kelampahan ing salebeting cariyos. Pamaos boten namung madeg minangka pandhemen sastra, nanging ugi dipungugah raosipun ngantos saged ngraosaken bilih piyambakipun katut ing salebetipun kawontenan ingkang kalampahan ing salebetipun karya sastra menika. *Konflik* salebetipun karya sastra dipunperang dados tigang jinis

- a. *Konflik* ing dhirinipun paraga utawi asring dipunsebut *konflik kejiwaan*.
- b. *Konflik* antawisipun tiyang kathah utawi setunggaling tiyang kalihan masarakat utawi asring dipunsebat *konflik sosial*.
- c. *Konflik* antawisipun manungsa kalihan alam utawi asring dipunsebut *konflik alamiah*.

Konflik sosial inggih menika *konflik* tokoh sesambetan menika kalih prekawis-prekawis *sosial*. Prekawis *sosial* inggih menika prekawis-prekawis ingkang *kompleks* saengga asring nuwuhaken *konflik*. Wonten ing panaliten menika panaliti migunakaken teorinipun Suminto A.

Sayuti ingkang milah jinisipun *konflik sosial* dados tigang perangan, inggih menika *konflik kejiwaan*, *konflik sosial*, saha *konflik alamiah*. Mekatenan, ing panaliten menika, tigang jinis *konflik* ingkang sampun kacethakaken ing nginggil taksih saged dipunpisah-pisahaken malih ngantos dados sawetawis *kategorisasi* kangge nggampilaken panaliten ingkang jumbuh kalihan *teori konflik* adhedhasar pameranganipun *tipe konflik* miturut Fred Luthans. *Tipe konflik* dening Fred Luthans kaandharaken saged dipunperang dados sekawan (4): a) *konflik Intra-Personal* (*konflik di dalam diri sendiri seseorang*); b) *konflik Inter-Personal* (*konflik antara dua orang*); c) *konflik Multi-Personal* (*konflik antara kelompok*) d) *konflik Individual-Organization* (*konflik antara seseorang dengan kelompok*). Kalimrah *konflik sosial* ing panaliten menika dipundamel *kategorisasinipun* dados *konflik interpersonal* kalihan *konflik multipersonal*.

3. Konflik Sosial ing Salebeting Cariyos Sambung

Darmono (2001: 33) mratelakaken bilih karya sastra ing jaman *modern* menika sumebar lumantar maneka wahana. Karya sastra dipunpacak wonten ing ariwarti, kalawarti, kawedalaken dados buku, ugi kawedalaken lumantar maneka *media elektronik* ingkang sansaya dangu sansaya *canggih*. Ing jaman tradisi *cetak* menika, sastra sumebar, salah satunggalingipun ingkang paling *efektif*, lumantar ariwarti saha kalawarti. Sinaosa saperangan kathah karya sastra pepuntonipun kacithak

saha kawedalaken dados buku, kathah ing antawisipun ingkang saderengipun sampun saged kawaos ing ariwanti saha kalawarti.

Panaliten menika badhe migunakaken *teori sosiologi* sastra nalika naliti prekawis-prekawis *sosial* ingkang wonten ing salebeting cariyos sambung Evelyn anggitanipun Dyah Katrina. *Teori sosiologi* sastra ingkang dipunpigunakaken ing panaliten menika *teori sosiologi* sastra Wellek saha Warren. Anggenipun migunakaken *teori* menika kanthi tetales bilih *teori sosiologi* sastra Wellek saha Warren nerangaken wilayah *kajian sosiologi* sastra ingkang mengkonitigang *klasifikasi* inggih menika *sosiologi* pangripta, *sosiologi* karya sastra, saha *sosiologi* pamaos. Wilayah *kajian* menika nggampilaken panaliti anggenipun mbedhah cariyos sambung Evelyn anggitanipun Dyah Katrina, mligi-nipun *teori sosiologi* karya sastra. Menika dipuntindakaken jalaran panaliten menika mawi ancas mligi mbedhah isinipun karya sastra, *tujuan*, menapa dene *bab-bab* ingkang katelakaken ing cariyos sambung, ingkang wonten gegayutanipun kalihan *konflik sosial*. *Analisis* karya sastra kasebut ngengingi *konflik sosial* ingkang dipungayutaken kalihan masarakat salebetipun cariyos sambung. Sinaosa ing panaliten menika migunakaken *teori dasar sosiologi* sastra Wellek saha Warren, *teori-teori* ingkang sampun dipunaturaken lumantar katrangan ing nginggil tetep dipunpigunakaken minangka *teori* panyengkuyung ing salebetipun milah *data* kasebut.

C. CARANIPUN PANALITEN

1. Jenising Panaliten

Wujud panaliten ingkang dipunpigunakaken dening panyerat inggih menika panaliten sastra ingkang asipat *deskriptif kualitatif*. Miturut Lexy J. Moleong (2010:6) panaliten *deskriptif kualitatif* inggih menika panaliten ingkang gadhah ancas tujuan amrih saged manggihaken pangertosan ngengingi *fenomena* ing antawisipun menapa kemawon ingkang dipunlampahi dening *subjek* panaliten upaminipun patrap, *persepsi*, *motivasi*, tumindak, saha sanes-sanesipun kanthi jangkep. Panaliten *deskripsi* menika lumantar tetembungan saha basa ing setunggalipun *konteks* mirunggan ingkang *alamiah* saha kanthi migunakaken sadhengah metode *ilmiah*.

Data ingkang dipunkempalaken kaprahipun arupi cathetan, *foto*, *rekaman*, *dokumen*, *memoranda*, utawi cathetan *resmi* sanesipun (Semi, 1993:24). Wonten ing panaliten menika namung ngginakaken cathetan, *dokumen*, saha *memoranda* utawi cathetan *resmi* anggenipun ngempalaken data, amargi *objek* panaliten menika awujud *teks* inggih menika wujud *konflik sosial*, pawadan ingkang murugaken *konflik sosial*, saha cara anggenipun ngrampung *konflik sosial* wonten ing salebeting cariyos sambung Evelyn anggitanipun Dyah Katrina.

2. *Data saha Sumbering Data*

a. Sumber *data* utama ingkang dipunpigunakaken ing panaliten menika inggih menika cariyos sambung Evelyn anggitanipun Dyah Katrina ingkang kamot

utawi kapacak ing kalawarti Djaka Lodang *edisi* Januari-Juli 2014. Caryos sambung menika cacahipun wonten 15 *episode*.

- b. Data wonten ing panaliten inggih menika wujud *konflik sosial*, pawadan ingkang nuwuhaken *konflik sosial* saha cara ngrampungaken *konflik sosial* ing salebeting caryos sambung *Evelyn* anggitanipun Dyah Katrina.

3. Cara Ngempalaken Data

Cara kangge ngempalaken *data* wonten ing panaliten menika wonten kalih, maos kalihan nyathet. Lampahing kangge ngempalaken *data* ingkang sapisanan inggih menika *teknik* maos, lampahipun dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

- a. Maos sedaya wosing caryos sambung *Evelyn* anggitanipun Dyah Katrina kanthi cermat.
- b. Maos caryos sambung *Evelyn* anggitanipun Dyah Katrina kanthi mangertosi *kutipan* ingkang awujud tembung, ukara, *paragraph* saha pacelathon ingkang ngandharaken *bab konflik sosial* ingkang dipunlampahi dening paraganipun.
- c. Ngandharaken *data* ingkang sampun dipunpanggihi. Sasampunipun maos kanthi memet dhateng *bab konflik sosial* saking *data* ingkang sampun wonten ing caryos sambung *Evelyn* anggitanipun Dyah.

Sasampunipun nglampahi *teknik* maos, *teknik* ingkang kaping kalih inggih menika nyathet. Lampahipun dipunandharaken ing ngandhap menika.

- a. Nyathet babagan *konflik sosial* ing caryos sambung *Evelyn* anggitanipun Dyah Katrina menika. Salajengipun *data* dipun-*klasifikasikaken* adhedasar *aspek-aspek* ingkang badhe dipunteliti saha dipun-*kaji* migunakaken *sosiologi* sastra.

- b. Nglebetaken *data* menika dhateng *kartu data (alat bantu penelitian)* saha nyathet *deskripsi* ingkang sampun dipunsamektakaken.

4. Piranti Panaliten

Piranti panaliten wonten ing panaliten menika panaliten piyambak (*Human Instrument*). Panyerat minangka *instrument* jumbuh kalihan menapa ingkang dipunandharaken dening Endraswara (2003: 5), bilih wonten ing salebeting panaliten sastra, panaliten minangka *instrument kunci* ingkang badhe maos saha njingglengi kanthi cermat karya sastra kasebat. Wonten panaliten menika ginakaken nalaring pikir ingkang adhedhasar *teori-teori* kangge madosi *konflik-konflik sosial* ingkang kamot wonten ing salebeting caryos sambung *Evelyn* anggitanipun Dyah Katrina minangka *sumber data*. Kangge ngempalaken *data* ginakaken *instrument* ingkang awujud *kartu data (alat bantu penelitian)*.

Kartu data menika dipun-pigunakaken kangge nyerat *data-data* ingkang dipunpanggihi nalika maos saha njingglengi caryos sambung *Evelyn* anggitanipun Dyah Katrina inggih menika wujud *konflik sosial*, pawadan ingkang nuwuhaken *konflik sosial* saha cara ngrampungaken *konflik sosial*. Wujud saking *kartu*

data-ipun kados wonten ing ngandhap menika.

D. ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

1. Asiling Panaliten

Wujud *konflik sosial* wonten ing salebeting cariyos sambung *Evelyn* anggitanipun Dyan Katrina inggih menika lelampahan mangsa kapengker ingkang ngribedi angen-angen, cengkah nalar kalihan batosipun, nglepataken dhiri pribadi, sedhik nelangsa nampi kanyatan, ngganggu kamardikan, beda pamanggihipun, butarepan, padudon, gelut, ruda-peksa, pangincim, meksakaken kekajengan dhumateng asanes, mangkel, murina, sumelang, melehaken asanes.

Pawadan ingkang murugaken *konflik sosial* wonten ing salebeting cariyos sambung *Evelyn* anggitanipun Dyah Katrina inggih menika nalika Alfredo dipundhatengi bakul kepiting, Evelyn sumelang dhateng Bismarck kalihan Jane, Evelyn asring sanja dhateng dalemipun Ny. Maria, Samson boten legawa kalihan Alfredo, Samson ngraosaken butarepan kalihan Alfredo, mbelani kanca ing antawisipun John kalihan David, Evelyn tresna dhumateng Alfredo, Piliph ngeyel nalika Jane paring pitedah, Alfredo rumaos ajrih menawi kadenangan dening Tuan Peter (garwanipun Evelyn), Alfredo ajrih menawi kasep anggenipun methukaken Clara, Alfredo sacumbana kalihan Evelyn, Alfredo sacumbana kalihan Clara, tumindak *zina* antawisipun Alfredo kalihan Evelyn, Alfredo kepanggih tukang semir sepatu, Alfredo kaget,

Alfredo dipun-ece dening kanca-kancanipun, Bismarck kalihan Jane angel tilem, Bismarck kalihan Jane rame, niat ingkang mbebayani, Bismarck kalihan Piliph manggihaken barang ingkang nyalawadi, Jane ngemutaken Bismarck kalihan Piliph, tabrakan antawisipun Alfredo kalihan Clara, Jane kalihan Margaret ngajrihi-ajrihi Bismarck kalihan Piliph.

Saha cara ngrampungaken *konflik sosial* wonten ing salebeting cariyos sambung *Evelyn* anggitanipun Dyan Katrina, inggih menika lare bakul kepiting kesah sumingkir, Alfredo nyakinaken dhumateng Marlyn, Samson gelut kalihan Alfredo, John nuturi David, Alfredo kalihan Samson dipunpisah Clara, Clara boten maelu dhateng pangincimipun Samson, Alfredo pinarak ing dalemipun Evelyn, Evelyn mratelakaken kawontenan menika dhumateng Alfredo, Alfredo manut kalihan Evelyn, Alfredo nglegawani kalepatanipun, Alfredo getun keduwung, Alfredo ngrikataken lampahipun supados enggal dugi seganten, Alfredo mlumpat nyemplung seganten, Bismarck kalihan Jane ethok-ethok tilem, Bismarck kalihan Jane pindhah anggenipun dolanan, Bismarck kalihan Jane dolan dhateng pesisir, Evelyn ngeparengaken Bismarck kalihan Jane pados kepiting, Jane kalihan Margaret mantuk nilaraken Bismarck kalihan Piliph, Clara, Jane kalihan Katrin madosi Alfredo, Jane kalihan Margaret wangsul dolanan dhateng wit *mangrove*, Alfredo kesah.

2. Pirembagan

a. Wujud Konflik Interpersonal

Konflik Interpersonal inggih menika cecengkahan ing antawisipun setunggaling tiyang kalihan tiyang sanes jalaran mbelani pemanggih ingkang jumbuh kalihan kabetahanipun piyambak-piyambak.

Wujud *konflik sosial* ing salebeting cariyos sambung Evelyn anggitanipun Dyah Katrina ingkang sampun dipunperang miturut *tipe konflik sosial Interpersonal* inggih menika kaganggu kamardikanipun, beda pamanggihipun, butarepan, pangincim, padudon, gelut, rudhapeksa, meksakaken kekajengan dhumateng asanes, lelampahan mangsa kapengker ingkang ngeridu angen-angen, cengkah nalar kalihan batosipun, nglepataken dhiri pribadi, sedhik nelangsa nampi kanyatan, ingkang dipunandharaken ing ngandhap menika.

1. Ngganggu Kamardikan

Nggodha, njalari tuwuhipun kahanan ingkang boten sami kalih menapa ingkang dipunpikir. (KBBI. Kaca 332).

Wonten ing panaliten menika wujud *konflik sosial* ngganggu kamardikan dipunalami dening *Alfredo kalihan lare alit bakul kepiting*. Ngganggu kamardikan salah satunggaling wujud *interaksi* antawisipun manungsa setunggal kalihan sanesipun. Saengga ngganggu kamardikan dados wujud *konflik sosial* ing salebeting cariyos sambung Evelyn anggitanipun Dyah Katrina ingkang sampun kaperang miturut *tipe konflik sosial* inggih menika *konflik sosial interpersonal*.

Wujud *konflik sosial* ngganggu kamardikan menika wujud

konflik sosial ingkang kalebet ing *tipe konflik sosial interpersonal* ingkang dipunlampahi dening *Alfredo kalihan lare alit bakul kepiting*. Wujud *konflik sosial* ingkang dipunlampahi *Alfredo kalihan lare bakul kepiting*, dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

“Om, arep golek kepiting ?”
Sawenehe bocah Porto meraki Alfredo, Alfredo nggedheg. Nanging bocah iku tetep nginthil dheweke. Kulite sing ireng sulak putih katon buthek krana saben dina kegemplang panase srengenge. Seprepetan, raine ngemperi Marco, adhine tumuli sing meh 20 taun ora dipethuki. Alfredo ngendhekake jangkahe. Namatake raine bocah iku. Permen soklat sing ana sak hem dirogoh diulungke bocah iku.

“Makasi ya Om.”

“He-eh. Aku lagi pengen ijen, aja diganggu ya?”

“He-eh Om.” bocah mau lunga sumingkir. Angina segara swarane gemrubug. Godhong pandhan jumpalitan nuwuhake swara kemrasag. Dalan sapecak iku banjur ndronjong ngudhuni peremg cendhek tumuju gisikan. (Dian Katrina. 1/1. 2014)

Sampun 20 taun dangunipun Alfredo nilar Niihau. Limrah menika samenika lajeng tuwuh raos kangen ingkang ageng sanget dhateng kulawarganipun saha swasana ing desanipun. Estunipun tansah wonten

pepenginian badhe mantuk dhateng Niihau, nanging saben badhe dipunsembadani kedadak wonten raos ingkang njalari wurung awit tansah kemutan lelampahan 20 taun kepengker nalika piyambakipun karonsih, andum asmara kalihan Evelyn. Wewayangan lampahan menika ingkang njalari Alfredo kagondhelan raos awrat saha ajrih mantuk dhateng Niihau. Pramila, kangge nyapih raos kangen ingkang sampun boten kedugi, saben-saben kemutan Niihau, Alfredo mesthi lajeng kesah ngenggar-enggar manah ing gisik.

Salebetipun cariyos menika kagambaraken setunggalipun lelampahan nalika ing gisik, ingkang kenging kangge nedahaken kados pundi watak saha kapribadenipun Alfredo gegayutan kalihan pengalaman gesangipun, kalebet ugi pengalaman getir nalika taksih manggen ing Niihau. Ukara ingkang kacithak kandel menika *“He-eh. Aku lagi pengen ijen, aja diganggu ya?”* minangka indikator ingkang gambaripun mekaten, nalika kapinujon dolan ing gisik, Alfredo dipundhatengi lare alit nawakaken dagangan kepiting. Alfredo rumaos kalodhanganipun kangge ngemataken raos ngemut-emut lelampahan mangsa kapengker ananging kaganggu dening lare alit bakul kepiting menika. Sinaosa mekaten, Alfredo boten lajeng ndhawahaken duka, kepara maringaken permen soklat dhateng lare bakul kepiting menika. Pamrihipun supados lare bakul kepiting menika wurung anggenipun tetawa saha nyukani kamardikan

dhateng Alfredo anggenipun badhe nglelejar manah piyambakan ing tepining seganten menika.

b. Pawadan ingkang murugaken konflik

2.1 Kedhatengan bakul kepiting

Kadhatengan bakul kepiting njalari tuwuhipun *konflik sosial* awujud ngganggu kamardikan ingkang dipunlampahi dening Alfredo kalihan lare bakul kepiting nalika Alfredo saweg ngraosaken kangen sanget dhateng desa papan klairanipun ing pulo Niihau. Alfredo ajeg nglodhangaken wekdalipun kangge ngenggar-enggar manah kanthi dolan dhateng gisik ingkang boten tebih saking griyanipun saprelu kangge nambani kangenipun jalaran kemutan swasana ing desa papan klairanipun ingkang pancen dhaerah pesisir. Ketekan bakul kepiting njalari tuwuhipun *konflik sosial* awujud ngganggu kamardikan saged dipuntingali saking pethikan ing ngandhap menika.

“Om, arep golek kepiting ?”

Sawenehe bocah Porto meraki Alfredo, Alfredo nggedheg. Nanging bocah iku tetep nginthil dheweke. Kulite sing ireng sulak putih katon buthek krana saben dina kegemplang panase srengenge. Seprepetan, raine ngemperi Marco, adhine tumuli sing meh 20 taun ora dipethuki.

(Dian Katrina. 1/I. 2014).

Ketekan lare bakul kepiting njalari tuwuhipun *konflik sosial* awujud ngganggu kamardikan ingkang

dipunlampahi dening lare bakul kepinging kalihan Alfredo. Alfredo rumaos keganggu awit dhatengipun lare jaler bakul kepinging ing gisik menika. Niyatipun Alfredo dhateng gisik sekawit kangge nenepi ngiras nambani kangenipun dhateng swasana desa klairanipun ing pulo Niihau ingkang sampun dangu dipuntilaraken kesah. Ukara ingkang kacithak kandel menika **“Sawenehe bocah Porto meraki Alfredo, Alfredo nggedheg”** ngandharaken nalika wonten lare jaler ingkang nyaketi tetawa kepinging, Alfredo boten numbasi nanging malah nyukani permen soklat pamrihipun supados lare menika enggal kesah, boten ngganggu anggenipun nenepi nyapih raos kangen.

c. Cara Ngrampungaken Konflik Sosial

3.1 Kesah Sumingkir

Kesah sumingkir inggih menika cara ngrampungaken *konflik sosial* ingkang awujud ngganggu kamardikan ingkang dipunlampahi dening Alfredo kalihan lare cilik bakul kepinging. Kesah sumingkir minangka cara ngrampungaken *konflik sosial* saged dipuntingali saking pethikan ing ngandhap menika.

Alfredo ngendhekake jangkaha. Namatake raine bocah iku. Permen soklat sing ana sak hem dirogoh diulungke bocah iku.

“Makasi ya Om.”

“He-eh. Aku lagi pengen ijen, aja diganggu ya?”

*“He-eh Om.” **bocah mau lunga sumingkir.** Angina segara swarane gemrubug. Godhong pandhan*

jumpalitan nuwuhake swara kemrasag. Dalan sapecak iku banjur ndronjong ngudhuni peremg cendhek tumuju gisikan. (Dian Katrina. 1/I. 2014)

Ukara ingkang kacithak kandel menika **“bocah mau lunga sumingkir”** minangka *indikator* ingkang nerangaken cara ngrampungaken *konflik* kanthi cara kesah sumingkir, Alfredo ingkang saweg kepingen swasana mirunggan wonten ing sapinggiripun gisik, lajeng lare alit bakul kepinging kesah sumingkir ninggalaken Alfredo.

a. Wujud Konflik Multipersonal

Konflik Multipersonal inggih menika cecengkahan ing antawisipun tiyang kalih utawi kepara langkung.

Wujud *konflik sosial* ing salebeting cariyos sambung Evelyn anggitanipun Dyah Katrina ingkang sampun dipunperang miturut *tipe konflik sosial multipersonal* inggih menika beda pamanggih, mangkel, murina, gelut, pangincim, sumelang, melehaken asanes, saha ngluputaken dhiri pribadi, ingkang dipunandharaken ing ngandhap menika

2.13. Beda Pamanggih

Wonten ing panaliten menika wujud *konflik sosial* beda pamanggih dipunalami dening Jane, Bismarck, Margaret, Piliph, Katrin kalihan Clara. Beda pamanggih salah satunggaling wujud *interaksi* antawisipun manungsa setunggal kalihan sanesipun. Saengga beda pamanggih dados wujud *konflik sosial* ing salebeting cariyos sambung Evelyn anggitanipun Dyah Katrina ingkang sampun kaperang miturut *tipe*

konflik sosial inggih menika *konflik sosial multipersonal*.

Wujud *konflik sosial* beda pamanggih ingkang dipunlampahi dening Jane, Bismarck, Margaret, kalihan Piliph dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

“Wah, apa ya iki?” *Philip glendhengan*. “Embuh ya, ning kaya wesi,”

“He-eh, atos kok,”

“Paling kitiran kapal sing cemublek neng lendhut rawa,”

“Hah kok bisa,”

“Ya bisa wae, nek bokmenawa pancen disingahake dening kelasi apa nakodane,”

“Banjur apa perlune, ndadak didhelikake?”

“Paling barang anyar, utawa barang sing ditlusupake,”

“Wiih, sing dislundupake iku rak narkotika, mosok kitiran kapal dislundupake,”

Philip ora nangapi omongane Bismarck merga malah mung dadi bengkerengan rembug. Bismarck namatake barang mau kuwih cerak. (Dian Katrina. 8/I. 2014)

Pethikan data ing nginggil menika kaandharaken mekaten, sonten menika Bismarck, Jane, Piliph, saha Margaret dolanan ing pesisir seganten, pados urang saha kepiting. Lare sekawan menika lajeng andum pakaryan. Jane saha Margaret kejatah pados cacing kangge pakan mancing urang saha kepiting, wondene Bismarck kalihan Piliph kejatah

minangka ingkang mancing. Sasampunipun kasil mancing saha pikantuk sawetawis kathah, Piliph ngajak Bismarck salin pados tigan puyuh ing sela-selanipun wit mangrove.

Kaleresan ing pesisir caket griyanipun lare-lare menika kathah sanget wit mangrove. Tanpa sengaja, Piliph kalihan Bismarck manggihaken setunggalipun barang ingkang wewujudanipun kadamel saking waja kuna ingkang njalari konflik beda pamanggihipun ingkang dipunlampahi saking lare-lare saged dipuntingali saking pethikan data menika “***Philip ora nangapi omongane Bismarck merga malah mung dadi benkerengan rembug. Bismarck namatake barang mau kuwih cerak.***”. Salajengipun lare-lare kala wau nginten bilih barang wujud waja pesagi menika tilaranipun jaman perang dunia II. Kekalihipun ketarik ngantos madosi caranipun amrih kothak waja menika saged kabikak.

b. Pawadan ingkang murugaken konflik

2.2 Nemu barang kang nyalawadi

Nemu tegesipun oleh apa-apa ora dijarag (*Poerwadarminta. 1939. Kaca 342*). *Nyalawadi tegesipun ora beres utawi ngandut karep wadi* (*Poerwadarminta. 1939. Kaca 353*). *Saengga nemu barang kang nyalawadi inggih menika* nemokaken sawenehing barang ingkang dereng nate dipunpanggihaken, utawi nemokaken barang ingkang ora beres.

Manggihaken barang ingkang nyalawadi *njalari tuwuhipun konflik sosial awujud beda pamanggihipun ingkang dipunlampahi* Jane, Bismarck,

Margaret kalihan Piliph. Nemu barang kang nyalawadi njalari tuwuhipun *konflik sosial* awujud *beda pamanggihipun* ingkang dipunlampahi dening Jane, Bismarck, Margaret kalihan Piliph nalika lare-lare menika saweg pados kepitung saha urang ing pesisir tanpa sengaja manggihaken barang wujudipun kothak waja ingkang pungkasanipun njalari pasulayan rembag saged dipuntingali saking pethikan ing ngandhap menika.

Piliph nemokake sawenehe barang sing narik kawigaten lan banjur ngajak Bismark kanggo jingklengi barang iku.

(Dian Katrina. 8/I. 2014)

Pethikan data ing nginggil menika ***“Piliph nemokake sawenehe barang sing narik kawigaten lan banjur ngajak Bismark kanggo jingklengi barang iku.”*** ngandharaken nalika manggihaken barang ingkang nyalawadi menika, Bismarck nganggep bilih barang menika kitiran montor mabur ingkang dhawah. Beda kalihan penganggepipun Bismarck, Piliph malah gadhah penganggep bilih barang menika sanes peranganipun montor mabur ingkang dhawah. Beda pemanggih antawisipun Bismarck kalihan Piliph menika saestu njalari cengkah batin ugi njalari tuwuhipun padudon. Nanging Piliph milih boten ngladeni raos serengipun Bismarck. Piyambakipun ngrumaosi bilih badhe awon pikantukipun menawi lajeng nekad adu kencengipun pemanggih kalihan kanca.

Adhedhasar udharan ing nginggil, saged dipunpundhut dudutan

bilih cariyos sambung *Evelyn* nggelaraken manekawarni *konflik sosial*, pawadan ingkang njalari tuwuhipun *konflik sosial*, saha cara anggenipun ngrampungaken *konflik sosial*. Wujud kalihan jalaranipun *konflik sosial* gadhah gegayutan awit kelampahanipun *konflik* tamtu mawi jalaran. Wondene *konflik* utawi prekawis boten mesthi wonten karampunganipun. Wonten ing setunggalipun cariyos mesthi kawiwitan kanthi wontenipun jalaran *konflik* saha dipunlajengaken kanthi wontenipun *konflik-konflik* ingkang dipunwastani *klimaks*, lajeng dipunpungkasi kanthi karampunganipun prekawis ingkang dipunwastani *denouement* inggih menika pamusanan utawi pangudharanipun *konflik*. Kanthi mekaten, *konflik* mujudaken *unsur* ingkang wigatos ing salebetipun cariyos jalaran gadhah piguna mbawerakaken alur. Mekaripun alur kasebut dipuntemtokaken dening *konflik* ingkang dipungelaraken. Kanthi wontenipun *konflik-konflik* ing salebetipun cariyos njalari tuwuhipun cariyos langkung saged narik kawigatosan.

E. DUDUTAN

Adhedhasar asliling panaliten saha pirembagan ngengingi wonten salebeting Cariyos sambung *Evelyn* anggitanipun Dyah Katrina ingkang sampun kalampahan saged kapendhet dudutanipun. Wondene dudutanipun kaandharaken ing ngandhap menika.

Wujud *konflik sosial* wonten ing salebeting cariyos sambung *Evelyn* anggitanipun Dyah Katrina inggih

menika dipunperang miturut 2 *jenis tipe konflik sosial* inggih menika, *konflik interpersonal*, *konflik multipersonal* ingkang dipun-andharaken wonten ing ngandhap menika.

a. *Tipe konflik interpersonal*

Wujud *konflik sosial* ing salebeting cariyos sambung *Evelyn* anggitanipun Dyah Katrina ingkang sampun kaperang miturut *tipe konflik sosial* inggih menika ngangu kamardikan, beda pamanggihipun, butarepan, pangincim, padudon, gelut, ruda-peksa, meksakaken kekajengan dhumateng asanes, lelampahan mangsa lalu kang ngeridhu angen-angen, cengkah nalar lan batosipun,

b. *Tipe konflik multipersonal*

Wujud *konflik sosial* ing salebeting cariyos sambung *Evelyn* anggitanipun Dyah Katrina ingkang sampun dipunperang miturut *tipe konflik sosial multipersonal* inggih menika beda pamanggih, mangkel, murina, gelut, pangincim, sumelang, melehaken asanes, saha ngluputaken dhiri pribadi.

Cariyos sambung *Evelyn* anggitanipun Dyah Katrina menika pancen sami kalihan cariyos sambung sanesipun ingkang kaprah kapacak ing kalawarti abasa Jawi. Kaprahipun cariyos sambung abasa Jawi ing kalawarti watakipun kalebet perangan *teks sastra prosa roman picisan*, inggih menika seratan susastra gancaran ingkang kagolongaken andhap *mutu-kualitasipun* jalaran langkung kathah nyariyosaken lampahan tresna

antawisipun priya kalihan wanita kanthi basa ingkang mlaha kemawon. Cariyos sambung *Evelyn* ugi mekaten menika, nanging wonten elokipun ingkang njalari karya *prosa* seratanipun Dyah Katrina menika beda kalihan cariyos sambung sanesipun ingkang sami-sami *roman picisan* saha sami-sami abasa Jawi. Cariyos sambung *Evelyn* mundhut *setting tempat* ing pulo Niihau, setunggalipun pulo kebawah Hawaii, negari pulo ing *samudra Pasifik*. Cariyos sambung *Evelyn* ugi mundhut paraga warga pribumi negari Hawaii. Cariyos sambung *Evelyn* ugi mundhut kabudayan asli Niihau kangge mengkonni cariyosipun. Tegesipun, cariyos sambung *Evelyn* menika *teks sastra* abasa Jawi ingkang ngemot cariyos gesangipun tiyang ingkang kabudayanipun boten nunggal tatanan kalihan kabudayan Jawi. Cariyos sambung *Evelyn* saestu unggul ing *bab* kekendelanipun nyimpang saking kemanuhan *teks sastra prosa* sanesipun ingkang abasa Jawi.

Boten namung namanipun paraga ingkang kapireng nyleneh nalika dipunsebutaken, nanging ugi namanipun papan, saha ingkang langkung wigatos inggih menika tandang-tanduk padintenipun paraga ingkang pantes dipunwastani boten nJawani. Nanging nyatanipun, sareng dipuntaliti *wujud konflik sosialipun*, nyata boten beda tebih kalihan kenyataan *konflik sosial* ing masyarakat Jawi. Mekaten ugi kawicaksananipun paraga nalika ngrampungaken *konflik* ugi boten beda kalihan nalar-raosipun tiyang Jawi. Kanthi tetales kenyataan menika, saged dipunwastani bilih

cariyos sambung *Evelyn* menika sampun kasil nggelaraken prekawis kemanusiaan ingkang tanpa winatesan *identitas* ras, etnis, kultur, agami, ugi wilayah negari. Tegesipun, tuladha *konflik sosial* saha caranipun ngrampungaken *konflik* ingkang kapanggihaken ing cariyos sambung *Evelyn* menika saestu kenging kangge kaca pangilon tumrap sinten kemawon.

KAPUSTAKAN

- Ade Husnul Mawadah. *Karakteristik kumpulan cerpen pilihan kompas*. 2001. Mata yang indah (Sebuah Kajian Sosiologi Sastra).
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Metodologi Penelitian Sastrta*. Yogyakarta. Pustaka Widyatama.
- _____. 2003. *Metodologi Penelitian Sastra: Epistemologi Model Teori dan Aplikasi*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.
- _____. 2011a. *Metodologi Penelitian Sosiologi Sastra*. Yogyakarta: CAPS. Universitas Negeri Yogyakarta.
- _____. 2011b. *Teori Pengkajian Sosiologi Sastra*. Diktat. Yogyakarta: FBS, Universitas Negeri Yogyakarta.
- Faruk, Dr. 1994. *Pengantar Sosiologi Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Moleong, Lexy J. 2010. *Metodologi Penelitian Kualitatif* (edisi revisi). Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2000. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- _____. 2005. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia: J.B. Wolters Uitgevers Maatschappij
- Ratna, Nyoman Kutha. 2004. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Sayuti, Suminto A. 2000. *Berkenalan dengan Prosa Fiksi*. Yogyakarta: Gama Media.
- Universitas Negeri Yogyakarta. 2010. *Panduan Tugas Akhir*. Yogyakarta: FBS, Universitas Negeri Yogyakarta.
- Wellek, Rene dan Austin Warren. 1989. *Teori Kesusastraan* (diindonesiakan oleh Melani Budianta). Jakarta: PT Gramedia.
- Wiyatmi. 2006. *Pengantar Sosiologi Sastra*. Yogyakarta. Pustaka Pelajar.